

APPENDICES

APPENDIX 1 Sample of The Code Mixing Transcripts

P1: *Byek*, lek totale yo menang Amerika yo?

P2: *Parane?*

P1: Tapi *kadung* emase, cino.

P3: Cino. (Pronounce at the same time as P1)

P1: Emase kan telu loro.

P2: Yo didelok poine *seh*.

P3: Poine yo menang akeh.

P2: *Paran?* Totale?

P3: Totale menang Amerika, tujuh sembilan.

P2: Yo sing penting kan poine kan? *Byek* tapi cinone mlayu disek. *Byek* uwenak e cino.


P1: Cino iku emase *hang* akeh, telu loro. Amerika e selawe.

P2: Jenenge olahraga iku yo *dukur dukur* o.

P1: Tapi lek ditotal koyok perak iku yo, perunggu yo

P2: Kalah?

P1: Kacek songo



P2: Jenenge Amerika lo benua, uakeh njir. Gedhe. Gak jek nom nom, *dukur* tok duh, bulutangkise podu, gak iso mencolot ngono o, nyemash blerr ngono.

P3: Nyemash opo?

P2: Yo nyemash iku, gak iso *dukur*, cetarr ngono.

P1: Berarti ngunu yo, Inggris iku Britania Raya yo?

P2: He em.

P1: *Hiro* nganu *tah*, keluargamu nganu,

P2: Opo?

P1: Maksute nganu, lek mbahas jodo jodo iku, ngerti kan kon maksute?

P2: Dijodohno?

P1: *Dudu*, maksute koyok ngulon ngetan ngono o e.

P2: Ooo iku, opo jenenge, cap capan, opo jenenge, nong pucuk, koyok mojok ngono?


P1: Aaa iyo iku.

P2: *Hing* oleh.

P1: Keluargamu ngono iku?

P2: Yo mboh, *hing weroh*. Lek misale ebes ngono yo gak eroh.

P1: Tapi yo ebesku *sing* terlalu jowo ngono seh. Misale teko muncar yo,



P2: Misale ngadep ngulon, misale nong omahe iku onok anu, misale omahe ngadep ngulon, jedinge madep ngetan,

P1: Ngene e e,

P2: Gak oleh bentur, mrene *hing* oleh,

P1: Kudune?

P3: Kudune podo ngulone.

P2: Pokok misale madep ngetan, mboh ngalor, mboh ngidul, utowo ngulon, *hang* penting ojek adep adapan. Nabrak.

P1: Kresna, kidul iku

P2: Mbahe Roy iku koyoke adep adapan *ambi*,

P3: Bedo,

P2: Kan mbahe Roy kan ngene, maringono *hang* Napo kan ngene.

P1: Elor *ambi* ngetan

P3: Ngetan, soko ngetan lawange

P2: Berarti yo, o iyo yo lawange ngetan. Jendelone *hang* rono.

P1: Elor,

P3: *Isun* lak neng kene paham, lek wes ndek ngisor iku yo bingung,

P1: Yo bingung, eh, mojak nggak *seh*,

P2: Sopo? *Sing* gak mojak.

P1: Ngene o,

P3: Ngetan,

P2: Ngetan, yo tapi mojoke iku yak mlero sitik gak opo, cuma e yo ojo *kari* mojok.

P1: *Yen* mojok iku opo? Seng bener opo?

P2: Maksute koyok omahe misale nang muncar yo, maringono jedinge iku neng *paran* yo,

P1: Banyuwangi kota?

P2: Iyo, ko banyuwangi kota kono, pokok daerah watu dodol iku o.

P1: Kota a wes. Patung kuro.

P2: Iyo, seng mojok iku *hing* oleh.

P3: Gak masuk akal *seh* iku.

P2: Yo *sing* masuk akal.

P3: *Sing* masuk akal.


P2: *Hang* lebih gak masuk akal iku yo iku,

P1: Onok maneh, weton,

P2: Tanggal-tanggal iku,

P1: Iku, lek gak omah, weton.

P2: (Laughing) Paeton, muaroh kek,



P1: Iku *tah*, *ambi* opo maneh ngono, onok dino paleng.

P3: Yo iku golonganane primbon primbon iku yo.

P1: Iyo. (Tertawa)

P2: *Hing* eroh aku.

P3: Tapi opo iku, ulang tahune umak hang dalam bulan Islam iku kudu eroh umak.

P2: Iyo. Yo iku gak eroh *seh* iku, lali o.

P3: Kudu eleng iku.

P2: Lali aku. Opo o *seh*?

P3: Yo *sing*, iku diilinge ae.

P1: Opo? Opo? Khasiate opo? (tertawa)

P1: Gak, koyok piye *seh*, awakmu kan pitu likor mei, lek Islame piye?

P3: Lek aku empat robiul awal. Empat mulud, muludan.

P1: *Isun* piye *isun*?

P3: Yo browsingo,

P1: 6 April. Aku seloso pokok laire.

P3: Nabi Muhammad kan,

P1: Minggu pokok,

P3: Lek seumpamane kan nabi Muhammad kan dua belas robiul awal tahun gajah, ngono o, onok taune.

P2: Tapi jare iku, sopo jenenge, KH. Maimun Subur iku *yen* misale diitung itung yo, tanggal lahire, opo, ulane Nabi lahir iku bulan april o, jare o,

P1: Iyo,

P2: Iyo, bener kan,

P3: Iyo, *isun* kan tau ngomong, tapi kan sering lek seumpamane ditakoni iku koyok ngono kan, uwong kan njawabe nganu mesti, dua belas robiul awal tahun gajah ngono.

P2: Ooo,

P1: Iki limolas,

P2: Aku rong puluh

P1: E iyo, iki rong puluh,

P2: Aku rong puluh april, rongewu. Upik o.

P3: Wulan Haji kon,

P2: Huweess, april berarti,

P1: Bulan bulan iki, songolas dzulhijjah, Sembilan belas dzulhijjah

P2: Tahune songo songo iku? Taune opo Bik?

P1: Sembilan belas empat belas, saiki kan empat belas empat dua hijriah,



P2: Iyo,

P1: Iki empat belas Sembilan belas hijriah.

P2: Iyo,

P1: Seloso legi,

P2: (Laughing)

P3: Heeh, wani,

P2: Yo iku lek legi yo iku,

P1: Manis bos.

P2: Mosok manis?

P1: Iku medeni o, akeh medine.

P2: *Yen* misale jowo iku kan onok,

P3: Minggu pon,

P2: *Yen* pon iku opo artine pon?

P1: Ponimen (Laughing) Aku *sing* ngerti lek ikune.

P2: Iso ponimen o, numpak pick up, (Laughing)

P1: *Hang* digae sabun muka iku

P2: Ooo, Pond's.

P3: Pond's.



P1: Aku lek golongane pahing, legi ngono iku,

P3: Medine iku ajan disebut ngonokane iku wedine iso iso disantet *siro*.

P2: Iyo iyo,

P1: Mosok kiro ngerti, koyok *kepiye*?

P3: Soale koyok kelemahanmu, lahirmu pon, yoiku wes.

P2: *Yen* iku digoleki iku, akhire,

P1: Pasno pon ae, pon e ulan iku, maksute koyok

P2: Pahing,

P3: Lek gak salah kan diposoni kan pas lahire iku,

P1: *Byek* disantet o pas pon iku, Ponimen (Laughing), Ponidi,

P2: (Laughing)

P1: Pas tanggale lahire iku yak?

P3: Ogak, pas ulan legi ulan legi, koyok ngunukane podo legine yo podo wes, sikat wes.

P2: Makane yo ojok *kari* diduduhno ngono iku.

P3: Mungkin ngono iku eroh iku yo eroh teko anune pisan o.

P2: *Parane*?

P3: koyok anu anu iku, tanggal lahir ngono iku.

P2: Uakeh asline adate jowo iku yo. Larangane, wong meteng, *byek*, uakeh pantangane koyok wong, bojone meteng ngono iku.

P3: Tapi ngono iku *mung*..

P2: Ojo nganu kewan,

P3: Wes meh pudar ngono iku, maksute gak pati akeh *hang* eroh o.

P2: Tapi kadang kolo omongane wong tuwek iku bener o, iyo gak?

P3: He eh. Soale wes pengalaman ngono.

P2: Koyok mak e, wes *tah* le, ojo ngene ngene, ngono iku,

P1: Yo wes pengalaman dek e.

P2: Yo kedadean o. Kampret o.

P1: Wonge wes ceblok, adewe dorong ceblok, makane biso ngomongi koyo ngono. Ngono kene ngengkel, yo kene ceblok pisan.

P3: Wes, mbahas opo, mbahas opo.

P1: Sayange *hang* ngetrend saiki iku zodiak o.

P2: *Byek* aku gak percoyo blas aku. Umak percoyo? Ogak percoyo blas aku. Aku ae ora apal blas opo.

P1: *Paran*?

P2: Golongane zodiak-zodiak ngono iku o.

P3: Aris (Aries) kon, podo ambek aku.

P2: Iyo *tah*?

P1: Aries, iso aris o.

P2: Lek Aris o. (Laughing)

P1: Aris kon. (Laughing)

P3: Piro iki mau aries iki mau, songolas april, e kon rongpuluh yo?

P2: Iyo.

P3: Yo mboh kon mlebu opo. Batese mulai, sek *tah*. Sagitarius, Cancer, Leo, Gemini.

P1: Mulai selikor maret sampek songolas april iku artinya berada dibawah zodiak aries. Mboh kon, berarti kon rongpuluh april sampek iki *paran*,

P3: Taurus berarti,

P2: Paling

P1: Iyo,

P2: Taurus iku opo *seh* bentuk e?


P3: Kambing lek *sing* salah.

P2: Aries lak an.

P1: Garpu paling.

P2: Aries wedus yo?

P3: Wedus o. Leo Singa.



P1: Saben kurbanan iku yo.

P3: Leo singa pokok e.

P1: Rega iku wolulas agustus iku o.

P2: Iyo *tah?*

P3: Songo songo.

P1: Mardika o, *arane* Mardika.

P3: Lahire tujuh belas agustus.

P1: Merdekaa, samid pisan jenenge merdeka.

P2: Apik o.

P3: Akeh koncoku o,

P1: Gak dikei hadiah o,

P3: Fikri Su'ep iku yo pitulas pisan.

P2: Enak iku, dirayakno seluruh rakyat Indonesia o ulang tahune. Wenak njir.


Rame.

P1: Dikei hadiah. Jare mas Umang lek ngajukno data neng kecamatan.

P2: Iyo *tah?* Yak ulang tahune pitulas agustus?

P1: Iyo.

P2: Anjir anjir.



P3: Samid iku, *ketang* iku,

P2: Dek Agus iku piro dek Agus iku. Lali *isun*.

P1: Mosok kiro podo Ga podo Ga.

P2: Nggak pitulas paling.

P3: Likuran iku, tanggal likuran.

P1: Bojone Irfan Bachdim iku o enam april pisan.

P3: Sultan iku enam April.

P2: Sultan (Tertawa).

P3: Lek aku, *yen* podo podo ngono,

P1: Terus *ambi* koncone sak kelase Sultan o, Egi. Egi sopo jenenge? Arek endi iku?

P3: Pekulo.

P1: *Sing*, arek nggetek iku o Jon,

P3: Anu, meduro iku?

P1: He em.

P3: Nugroho iku o (Tertawa)

P1: Aku akeh aku, Intan, Redi,

P3: E onok *maning* ketok e neng buku BTS kelas, sopo ngono



P1: Yo mboh lek sampek tak goleki arek IPA barang,

P3: Ndelok buku BTS sampe saiki *hing* diduduhi o

P1: *Ndeleng* iku o..

P3: Kapan? Gak onok aku, mangan aku.

P1: Pas maen PS o.

P3: Mas mu pisan jon?

P1: Iyo, Taurus. Aku 6 April. Masku 7 April, mbak ku 8 April. Urut.

P2: Daunan (Laughing)

P1: Telung daun (Laughing).

P2: Samprit a (Laughing)

P1: Anjir (Laughing)

P2: Cesar piro Cesar, april pisan?

P3: Nggak koyoke

P1: Nggak koyoke, Juli, 2 Juli.

P2: *Yen* ebesmu piro ebese?

P3: Piro yo,

P2: Piro yo, lali pisan aku. *Yen* ibuku Januari, ebesku Maret. Adikku April, aku April.



P1: *Hiro* weruh teko endi Wesul ulang tahun?

P3: Weleng *isun*.

P1: Piro?

P2: Kapan?

P1: Juli, 6, ayahku pitu. Sesuk e ayahku.

P3: Neng Facebook *yoro* metu.

P1: Pani ngerti aku Pani.

P2: Piro?

P1: Papat, iyo 4 februari. Sesok wayahe Reno, koyok wek e CR.

P3: Agung 10.

P2: Sepuluh *paran*?

P3: 10 Februari.

P1: CR, Neymar, Teves, anu,


P3: Aku *ambi* Tomi iso tuwekan Tomi o.

P1: Andi iku...

P2: Januari o.

P1: Januari 99

P2: *Byek*, hahaha



P3: Dio iku pisan,

P1: *Paran*, Januari?

P3: Songo Songo

P1: Tapi tuwekan sopo?

P3: *Ambi* Andi?

P1: He em

P3: Andi Piro?

P1: Songo likur.

P2: *Hang* SMP siji ndisek iku?

P2: Berarti neng kene iku roto roto 99-2000 yo.

P1: *Byek* wes, iso papatan yo.

P3: Eee, di jus iku.

P2: Kadang urip iku bingung, ate nang endi, bingung golek,

P3: Marek dikei ilmu pengajian, mbokyo akhirate *hang* dipikirno sek. Mengko metu sitik oleh ilmu Laduni.

P2: Ilmu dunyo akhirat.

P1: Turu ilang *riko*.

P2: *Yen* aku iku kadang ko sek opo jenenge, misale aku metu kuliah aku ate nang endi yo. Eman eman mbuwak waktu ngene iki.

P2: *Byek* maringono iki mari kuliah terus nang endi (Laughing).

P1: Berarti *hing* tenang kon.

P2: Ono ono *byaen*.

P2: *Byek* aku ndelok arek arek iko,

P3: Sek tah, *isun* takon umak, pasti sholat iku seng nikmat banget iku juuarang.

P2: Iyo.

P3: Tapi jarang kan?

P2: Iyo.

P3: *Masio* aku iku yo iyo.

P2: Lek aku *hang* paling nikmat iku pas wayahe sholat tahajud iku o. Nduisek o.

Pas jamane SMA o. Tenan, mboh percoyo gak percoyo yo.

P3: Suwi.

P2: Nggak, iki tenan iki, dadi *isun* iki tahajud yo, *ambi* sedurunge iku karo sholat sunnah sek. Masjid muni, mandek wes wiridan.

P2: Wiridan iku, percoyo gak percoyo, *awakisun* iku koyo nyowone metu o.

P1: *Byek* mosok *seh*.

P2: Lah iyo, *sing* percoyo.

P1: Neng endi, mlaku neng endi?

P2: Neng musholla aku. *Byek* iku koyok mlaku mlaku nang Arab o. Ka'bah o, tenan.

P1: Neng pikirane?

P2: Iyo. *Byek* maringono mbalek o, koyok set o, moro moro tangi ngono.

P3: *Byek byek*,

P2: Ndisek iku, ndisek, nggak iku, mimpi paleng.

P1: Iso mimpi o, turu berarti *hiro* iku.

P2: Yo koyok sadar iku, mlaku mlaku,

P1: Yo iku *siro* turu.

P3: Tapi kan *hang* penting kene kan berusaha khusyuk.

P2: *Byek* aku meneh ndisek iku, opo jenenge, koyok digotong malaikat o.

P3: *Byek* neng kene iso ngomong ngono o.

P2: E tenan iku, sampe kaget *isun*.

P1: Coba *kepiye* ceritane?

P2: Kan turu kene, set ngono, terus maringono aku iku koyok digowo nang dalan, jare uwong uwong, klambine putih putih, tapi raine gak *katon*. Maringono menduwur, onk gerbang gedhe o, jare malaikate, ko mlebuo. Neng kono koyok onok wong nganggo surban putih ngono. Tapi aku meneng tok ngono, tak tolehi ae. Raine endi iki, ra ketok o.

P3: Mimpi o, lek awan o, koyok kenyataan. Gak awan *seh*, sekitar jam woluan o.

P1: Lek aku *sing* ngono, mosok teko mimpi,

P2: Misale o, mimpi mblayu o, es ak buanterno o, *byek*, iso uwedeng o.

P1: Aku yo mimpi ngono iku, *sing* biso mblayu o, ngesot o.

P2: Iyo, opo o yo?

P3: *Byek*, aku yo pernah mimpi iku diuber sapi o *byek*.

P1: Sapine mblayu ngono o.

P3: Iyo, *byek* sampek tak goleki neng google o, jarene pemikirane sek labil o.

P1: Ayo, engko bengi mimpio maneh, ceritoo,

P3: Tapi lek bengi iku yo,

P1: Lali o, lek arek arek iso nyeritakno mimpi bengi *hang* jelas iku yo juarang iku.

P3: Iyo juarang iku. Tapi aku tau ngene, dadi iku setengah setengah o, engko iku turu, tapi melek, koyok sadar o.

P2: Iyo iyo. Ngerti, tau *isun*.

P3: *Byek* aku keroso mimpi iki, tapi aku iku iso tak gerakno ngene e, kroso o. sesoke langsung kegowo iku wes.

P3: Rasane koyok piye ngono, koyok turu *ambi* sadar,

P3: Jumeneh pas iku, diuber uber o sampe mebu jurang. Rasane ngerti *yen* iki mimpi, tapi jajale piye *seh*, mati iko, ajur.

P3: *Kari* sitik iku, tangi o, heran aku. Langsung wes, kemulan *maning*.

P2: Tau, koyok pas turu iku kaget kaget dewe iku,

P1: *Sing* tau aku,

P2: Mosok gak tau, koyok ono *hang* mlebu iku o. Berarti umak iku lek digugah iku gampang keroso yo,

P3: Iyo, peka

P2: Iyo peka, aku kadang kan koyok onok *hang* ndeloki aku, tak delok sitik tak intip, o tibane ibukku. Ra kroo aku o. tau tah umak ngono iku?

P1: Gak. Tapi lek digugah wes ra kenek, *byek* wes, alamat wes, lek onok opo opo neng njero omah yo, mboh onok maling, cuman kan kene kan kudu sregep.

P2: *Byek* opo meneh seng nggugah bapakku, Cuma dicekel tok, le, Ga, *byek* langsung o tangi aku wes.

P1: *Apuwo?*

P2: Sungkan aku nang bapak. *Byek* lak ibukku kadang sek atos aku.

P1: Lek aku tangi yo tangi dewe aku. Misale koyok, mugo mugo aku tangi yahmene, *yoro* tangi kaget ngono pas jam semono.

P1: Engko aku tahajud ngono, *byek* tangi wes.

P3: Aku kadang iku tangi pas ate tahajud iko, tapi turu *maning* o, kadung tangi tangi, wes qiroat subuh o.

P3: Tapi *tah*, lek onok bal o, *byek* balbalan jam loro setengah loro wes tangi.

P1: Aku lek bal iku, lek selain MU bengi iku rodok nguantuk o. Mboh opo o.

Masio MU *sing* enak maine, telek o.

P3: Aku kadang lek suker iku ya gak *sun* tontok Don.

P1: Iko ae onok Janger a, *byek* iso uabot motoku a. Tak ngenekno panggah merem ngene o.

P3: Aku balek babak kedua iku yo, wes ndlosor *isun*, tak pateni wes. Turu aku.

P2: Lek ndisek o, lek turu awan,

P1: Ditindihi,

P2: *Byek* iku bengi iku wes, gak iso turu wes.

P1: Yo emang ngono.

P2: *Yen* misale saiki turu awan ngono, bengi ngantuk maneh, turu meneh.

P2: *Byek* turu tok saiki o, gak penak o. Gak sehat.

P1: Saiki ate tangi isuk iku keantem howo adem iku o, *byek* gak kuat wes.

P3: Saiki jam wolu iko, *byek* uabot o.

P2: koyok onok magnete yo (Laughing).

P1: Lek misale ngono, lingguh neng Kasur o, *byek*, gak kuat wes. Daya tarike guede.

P2: Daya tarike guede yo.

P1: neng kursi ta, *byek* langsung ndlosor iko.

P2: Tapi umak iso turu nang masjid ngono, misale metu teko Banyuwangi, terus turu nang masjid iku *biso*?

P1: Iso, gampang lek iku.

P2: Kadang kan onok arek seng gak iso ngono, *byek*, gak iso aku.

P3: Tapi yo ngono, *hing biso*, gak nyenyak ngono.

P2: Soale kan onok uwong ngono, *byek* gak iso aku turu kene.

P1: Misale koyok mas mas *hang* numpak montor ngono, iso turu. Gak nyenyak.

P3: Gaduk Jombang iku o, turu tok o. turu maneh, tapi *sing* kiro nyenyak neng montor ngono iku.

P2: Iyo, mumet kadangane.

P1: *Isun* jane yo pengen iso turu koyok neng sepur ngono,

P2 & P3: Gak iso aku.

P1: *Byek*, lek aku yo tambah enaak. Turu.

P3: Lek koyok arek arek, Samid, iku aku iso lek bareng bareng ngono. *Hing biso* aku lek dewean.

P1: Yo carane, koyok neng bis Suramadu iku, *byek* wes.

P2: Iyo, koyok enak ngono turu neng bis ngono yo.

P1: Enak ae lek posisine PW.

P2: Neng pesawat, *byek* aku nang pesawat, medune iso mlekok mlekok anjir.

P3: Tau kon terbang?

P2: Tau ndisek nang Jakarta, Study Tour e sopo yo? Oo, iki kek, SMP ne bapakku. Kan study tour e kan neng Jakarta, *byek* numpak pesawat wes, pertamane iku uenak *byek*, pertama iku ndelok sayape ko. *Byek* muter muter kene, ceeess. Pas neng ndukur iku pas ndelok mengisor iku, sopo seng gak mutah o.

P1: Saking *dukure* yo.

P2: Iyo, saking *dukure*. Iso kapale iku cuuuus ngono, buanter.

P3 Kadang iku aku sampe mabuk goro goro ambune ko *byek*.

P2: Aku gk pernah *seh* sampe mabok ngono, umak sering ngono?

P1: Numpak mobile umak pas ndek Songgon iko mabuk *isun*.

P2: Padahal iku gak onok harume yo.

P1: Hang ndek baluran iku lumayan iku.

P2: Rodok mabok ngono?

P1: Rodok aku.

P3: Pas iko o, *byek* muambu, tak pateni wes. Sengak ngono o, gak jelas.

P1: Tapi sempat *hang sing* mabuk iko, seng ambune koyok kopi iko.

P3: Ayok dolan akhir taun yok, puengen aku.

P2: Nang endi akhir taun? Aku *byek* sek ngurusi TA njir.

P1: *Hang* rame iku Ronaldo, Icardi, iku rame. Lek Neymar gor Neymar Neymar.

P1: Kon iku kudu olahraga Ga, nglimpruk tok podo *ambi* aku.

P3: Jumeneh onok wifine, *byeek*.

P1: Lek aku iku koyok turu, mbangkongan iku *hing biso*.

P3: Yo, *siro* iku *biso* tangi isuk yo.

P1: Aku iku turu jam loro, *byeek* tangi iku isuk, tpi turu meneng, terus jam 8 tangi meneh. Gak iso koyok los ngono gak iso.

P3: *Isun* rasane yo ngono.

P2: Coba o *tah*, turuo suwengi ngono.

P1: Podo *baen*.

P3: Podo ae.

P1: Njogo wong mati ko ngono iku, tetep ae tangine, ee gak wes, main PS sampe subuh o, turu wes, turu *ambi* arek arek neng omeh jijus. Tangi yo an jam 6 kon. Aku ditinggal neng kamar o.

P2: Onook ae, jenis jenise wong turu iku, uakeh yo, *bido bido*.

P1: *Byek* iyo, jare Teguh iku o,

P2: Tapi *yen* kodham iku piye *seh*?

P1: Coki pardede iku ngruesuh o.

P2: *Byek* iku ateis iku.

P2: Tapi *paran* iku alirane Ja'far iku? NU? Muhammadiyah? Atau opo?

P3: *Hing weroh* aku.

P2: Jarene iku anu o,

P3: Opo, Ahmadiyyah?

P2: *Dudu*

P1: LDII?

P2: *Dudu*, seng anu ko, seng koyok kadang ngehina Abu Bakar, seng menghina sahabat sahabat o, seng di akoni cuma Sayyidina Ali, karo sopo ngono. Dadi dek e iku koyok menghina Umar, Abu Bakar.

P3: *Hing eroh* aku.

P2: Mosok gak eroh, engko *tah* golekono neng Internet.

P2: Bedone LDII iku opo *seh*?

P3: LDII iku Lembaga,,

P2: Dakwah Islam Indonesia. Yo seng mbedakno ambi NU karo Muhammadiyyah iku anu,

P1: Yo ajarane Ga.

P2: Umak ngerti, seng Allahuakbar (Tertawa karena gerakan). *Byek*, iso nguakak a aku ndelok. Neng Srono iku.

P1: Kon wes sholat iku?

P2: Iyo, wes sholat. *Byek* ngakak aku, *byek* anjiir. Langsung pindah memburi aku.

P3: Jon, opoo kok kudu ngene Jon?

P2: Menunjukkan Allah iku satu, maha esa,

P3: Iku, *sun* guyoni a, *ambi* Tegar iku a.

P1: Iyo o, *byek*, meneeng tok.

P3: Jare Habib e, senyum sendiri.

P2: Tapi tetep sampek saiki?

P1: Tetep sampek saiki.

P3: Niru sopo?

P1: Kan papat kan imame, iyo *seh*, lali *lare* iki.

P3: *Byek byek*, (Suddenly heavy rain)

P1: *Byek*, diuanter anterno yo.

P1: Kan papat imame,


P4: Cepet lemune, cepet geringe Leri iku. Wenak arek iku. Seng kene i e, angel lemu.

P5: Sopo?

P4: Fais o, selepe cepot.

P5: Lek aku, samid, iku setel iku. Muangan tok tapi *hing* iso gedi gedi.

P6: Aku iyo o, gak lemu lemu. Cuma lewat tok. Mlebu tenggorokan lewat tok.



P4: Hadi iku piro bobote yo?

P6: Suwidak an paleng.

P4: *Hing* nyampek.

P6: Paleng yo,

P4: Enak an seket o, enak enteng.

P6: *Marine* ga di anu ambek tinggi badan o.

P5: Dukur sangangpuluh berat badan seket. (Laughing)

P4: Lak artis sopo artis. Apik ngono, duwur ambi berate iku pantes.

P5: Artis?

P6: Baim Wong iku o.

P4: Apane Baim? Weteng lemu, lemak tok iku o Baim. Deny Sumargo iku o, apik awak e. *Dhowor*, 180 piro ngono.

P5: Tapi iko *hang* kenek narkoba iku sopo?

P4: Bojone?

P5: Iyo, Nia Ramadhani karo bojone sopo iku?

P4: Gak eroh aku.

P5: *Hang* Bakrie iku, wes gering iku. Terkenal narkoba iku.

P6: *Sing* cocok paleng.

P4: Koyok anake roma irama iku kan

P6: Sopo?

P4: Iyo, Ridho.

P6: Narkoba iku rata rata akeh *hang* gak cocoke yo.

P4: Onok *hang* cocok, Bagas iku o. Iso lemu saiki o.

P5: Al iku apik iku awak e.

P6: Koncoku. Koncoku arek kidulan iku apik apik awake.

P4: Gak dadi tapi, awake gering.

P5: Sopo?

P4: Al El Dul iku.

P5: Iku kan tapi wes koyok opo iku?

P4: Ideal

P5: Ideal o, apik kan. Yo gak *tah* berotot, tapi yo


P4: Verrel iku, hang gedhe. Gedhe awake.

P6: Ngegym tok *ketangno* arek e yo.

P5: Yo gak kurus, yo gak lemu.

P4: Diseleh Aziz e flashdik e, sungguhno *nyeleh* aku

P5: Sopo?



P4: *Diseleh*, oleh ta lek aku njalok?

P5: Laptopku *hing* ono film e blass.

P4: Iku flasdiske aziz iku o.

P5: Aku ngomong ngene a e, *byek* laptop koyok ngene, gak enek film e, iki terus gae opo laptopmu. Gor file file tok o.

P4: Iyo, file polane cilik.

P6: Terlalu serius

P4: *Hing* onok game e

P5: Yo iku.

P4: Hiburane gor bulutangkiis tok.

P6: Hiburan HP YouTube, mari o kan?

P5: Wibu (Tertawa)


P4: Jarang saiki?

P5: Saiki yo aku nonton anime, tapi yo *sing* terlalu sampe koyok nggae status status anime koyok ngono kan. Gak tau kan aku.

P4: Maksute saiki tau didelok opo moco *tah* saiki?

P5: Yo ndelok.

P4: Kan jarang kan tapi?



P5: Yo jarang, cuman minggu tok o. Metune anime *hang* tak senengi iku mung minggu. Gak sampe kabeh tak deloki.

P4: *Sing* tau ndelok kartun ngono iku?

P6: Kartun koyok piye?

P5: Anime anime jepang ngono o.

P4: Naruto ngono iku.

P6: Naruto seneng soale, eh gak pati Gak pati aku. Tsubasa

P5: Ha, tsubasa iku,

P4: Kojiro Hyuga,

P5: Pas wayahe final dunia o, eh *paran*, pokok e koyok dunia iku o, uapik iku o.

P6: Menurut *isun* yo seng musuh jerman. Sneijder.

P5: Iyo, Sneijder.

P4: Wakabayasi iku endi?


P5: E ndisek,

P4: Jepang iku yo.

P6: Iyo, jepang iku.. Wakashimazu.

P4: Jane *hang* apik iku nontok One Piece iku, tapi aku rodok ra ngerti aku, seng endi seh gambare.

P5: One Piece ndisek iku *hang* karet karet iku o.



P6: Luffy

P5: Luffy

P4: Yo gak ngerti, mulai cilik One Piece One Piece.

P6: *Hang* bajak laut iku o.

P4: Empane cocok iku digawe kene.

P5: Opo?

P4: Kok iso neng kapal cocok?

P6: Kan anu, kapal kapal iku o.

P5: Ndisek o balbalan, tendangan elang. Madun o. sampek freestyle freestyle.

P4: *Paran* madun iku.

P6: Sek *tah*, seng tak suenengi iku Mahabharata iku jan.

P5: Jare Jodha (laughing)

P4: Marek ngenteni sampek gor Cuma setengah jam o, asu.

P6: Gila o, sampe sak episode o sedino.

P5: Tapi emang biasane emang dipotong potong iku o biasane. Koyok digae penasaran o, ngerti?

P6: Aku wingi sampe khatam wingi.

P5: Opo? Mahabharata?

P6: Iyo. *Byek* gak trimo langsung download mari we.

P6: Aku lo wingi mari episode 40, aku langsung nonton neng YouTube seng 41, neng facebook, nggolek nggoleki kuwi.

P4: Lek ibukku senenge ndeloki kartun o. Senengku o, pas Arjuna panah e ngekei drupadi iku e, *byek*, sueru iku *byek*.

P5: Gek biyen lagune Arjuna biyen

P6: Mari wes, nontok neng IG,

P4: Deng deng tak deng (beats music Arjuna-Serial Mahabharat)

P5: Mosok ngono.

P4: Iyoo, Gandiv Dhaari Arjuna (laughing)

P5: Gandiv Dhaari Arjuna (laughing)

P5: *Hang* enak iku lagune Bima iku o. Lali sumpah aku lagu lagune. Seng apal iku pokok e Dani karo Rega, *byek* uapal mesti iku.

P5: Iki tukang spoiler e pokoke.

P6: Mbiyen rene pamite belajar, nggowo laptop tibake malah nontok Mahabharata o.

P4: Seneng kabeh neng kene iki lek neng Mahabharata.

P5: Rega sedurunge,

P6: *Isun* koyok neng film hiu aku sueneng iku.

P5: Film *paran*?

P6: Film hiu, Boyka, iku sueneng *isun*.

P5: Iku dituanduk o pas sikile tugel iku, eroh kon? Final kan iku yo, *hang* ate metu iku kan?

P6: *Hang* koyok Pogba o.

P5: Film seng gajah seng teko Thailand *tah* iku.

P4: O iyo, eroh aku. *Byek* sontokane uenak iku.

P5: Kan onok sesi sesine iku kan opo *seh* jenenge.

P4: Sontokane uwenak arek iku.

P5: Taijutsu.

P4: Opo iku, *hing* eroh aku.

P6: Lek Thailand iku MuangThai. Lek Brazil iku capoeira. Brazil iku tulang tulange kuat o. Makane smash e pas voli iku jan jos o. Jepang jan dismash i janan.

P4: Biyen Ronaldowati iku biyen yo seneng yo.

P5: Apik iku. Si otong iku, sopo iku?

P6: Entong, Si Entong.

P5: Si Entong, lali aku njir.

P4: Omongane topan.

P6: Lek iku iling lek neng warunge Sijuk yo. *Byek* asli nguakak aku.

P4: Aku kan *hang* ngomong iku,

P6: *Byek* sampek ngeluh aku.

P4: *Hang* garai iku duwek 10 ewu iku, iki koyok sopo.

P6: *Sing*, iku koyok ndredek o, nguakak o. terus terusan.

P4: *Ambi* seng neng becak an o, eleng?

P6: Seng gorengan iku *tah*?

P4: *Hang* mari tahlilan iku, seng gawene kimlon.

P6: Iyoo.

P4: *Byek* iyo, iku nguakak wes aku wes.

P6: Gincu ngono iku.

P6: Gemlok ngono

P4: *Byek* neng ngarepe mbadok iku yo.

P6: Eee, ngarep gorengan


P4: O iyo, neng becak pokok wes, *byek* wes.

P6: Loro iku wes.

P4: Tahlilan neng omahe Anggi iku yo.

P6: Iyo, *hang* garai melon iku kan?

P4: Iyo, ngono iku *biso* apal yo?



P6: Dadi iku o, padahal *sing* ono yo.

P4: Cuman diceritani tok tapi iling adewe yo.

P6: *Byek* iko asline, *byek* nguakak.

P4: Iyo kan, adewe kan *hing* eroh kan yo, Cuma diceritani tok yo.

P6: Dek e iku diceritani.

P5: Opo *maning* iku yo seng seru yo? Si Madun iku apik ndisek.

P4: Balek maen PS sandale pedot. *Byek* aku nguakak iku

P6: PS 3 *tah* iku, tek e bapake.

P4: We *kopok* iku, sandale pedot kabeh.

P6: Dingenekno kek saerohku kek.

P4: Sandale pedot kabeh (laughing).

P5: Kok iso pedot iku *apuwo*?

P4: Diidek idek.

P6: Suwi suwi dipepet pepet o.

P4: *Ambi* karawitan o, mbiyen kan

P5: *Biso* karawitan o.

P4: Koyok sopo iku, Toga, iku kon iku ojo pati ngu ngu tah.

P5: Opo? Ngungu?

P4: Onok nguk nguk, apalane pokok.

P6: Koyok Rian o.

P5: Oooo

P4: Git, kon iku kerawit tah ambi, *byek* wes gak nyekel selet selet meneh o.

P6: Sandalmu langsung *siro* guwak iku yo.

P4: *Byek* pedot kabeh iku siji loro, *byek*.

P6: Mesti lek neng bal iku apal *isun*.

P4: Mesti aku *ambi* Lutfi *ambi* Anas.

P5: *Biso* sampek pedot o.

P6: *Gubyabb*, (Laughing).

P4: Sopo iku yo?

P6: Faisol, sopo maneh.

P5: Cukup, *gubab*.


P4: Ono *baen* yo *bengen* iku. Asik o arek iku.

P5: 2012 lulus SMP. 2018 lulus SMA.

P6: Limolas kene lulus ya.

P4: *Byek* wes ono,

P6: Bocil aku mbiyen a.



P5: Anu ngene kek e, Aqua.

P4: Mbiyen jaman bocil aku a, katok ku iso cuingkrang yo. Iso sakmene yo, *sing* duwur padahal.

P6: Teguh kan SMA sek nang kene kan.

P4: *Dolen* tok iku.

P6: Iso wenak o *dolen* mbiyen gak ngerti opo. Iki dulinan opo iki.

P5: *Byek* ndisek,

P4: Milu milu, dolane Benjok o.

P5: Ndisek saking gabute, awan iku hilik hilikan o.

P5: He, seng dulinan cap rokok iku opo *seh*. Seng disawat iku *tah*?

P4: *Dudu*, bedo iku. Pande iku.

P6: Kok Pande *seh*.

P4: Yo *hang* katek watu iku kan?

P6: Yo iku ono dewek, iku Pande, lek cap rokok iku mboh *paran*.

P5: Ono *arane* dewe iku, mboh opo.

P6: *Kepiye* maine?

P4: Hah?

P6: Maine *kepiye*?

P4: Cap rokok?

P6: Iyo.

P4: Cap rokok iku maine di deleh neng koyok kotakan ngene kek. Engko diserot watu. *Mengko* lek metu teko kotakan iku, telu, yo wes entokmu telu.

P5: A iyo, seng pincang pincang *sekel* siji dituanduk iku yo.

P6: *Byek* maringono seng narik iku kreweng.

P4: Kreweng *paran*?

P6: Kreweng, *hing* tau *weruh*?

P5: Mboh lali *isun*.

P6: *Byek*, kreweng, nggolek kreweng.

P4: Kreweng akeh ditoto neng kotak ngono iku yo.

P5: O iyo. *Hang* diajurno iku yo, dirubuhno iku yo, terus disusun *maning*.

P5: *Byek* iku kuasar pisan njir.

P4: Lek eleng mbaling iku,

P5: *Byek* iku.

P4: *Sing* tau melok aku.

P5: Mosok *sing* tau melok?

P6: Melok neng endi yo?

P5: *Hang ambi* kene iku, seng ambek golongane Umar,

P4: Gak melok *isun*. Hilik hilikan meloke aku.

P5: Jek jekan iku sek main?

P4: Melok. *Byek* aku dituabrak aku.

P5: *Hang* tak ilingi iku pas junjung o, iso luincah aku.

P4: *Byek* iyo

P6: *Byek* iko Junjung *byek*.

P5: Ndisek jek rame, sek onok mas Ari,

P6: Kelingan Har *sun* tinggal turu mari.

P4: Tapi tau aku *hang* neng mburi omahe.

P6: Menek kismis, mosok ngerti *isun* menek kismis.

P5: Tapi umak ndisek *hing* tau nang kene yo dolane?

P4: *Byek* umak eleng a taun wingi,


P5: *Hing* kenek o.

P4: Sebenere gak niat nguyuhi, tapi nguyuh, *byek* kaget aku.

P5: Pas rono e, deloen *tah*. *Byek* teko kene sampe srueet.

P4: Piye *sing* kaget ngono iku.

P6: Celeng *lare lare* iku.



P4: Buak buak buak, nguakak aku *yoro*.

P4: *Byek* ate diuber *byek*, tak tinggal langsung.

P5: *Byek* sampek jek enek o. Eh gak kroso tapi o.

P6: Maksud?

P5: Maksud yo gak ngerti *paran*, tapi yo misale,

P4: Aku *ambi* Ardi, musuhhe Jijus,

P5: Oo, *hang* disurungno iku, seng dek e nangis iku.

P6: Pikirku kan onok kan, maling maling iku kan.

P5: Neng kene kan?

P6: Iyo, kan *ambi* Edo mlaku mlaku kan. Adi mlayu mlayu sek o, santai ae yo. Yo iku terus nguber o, bu buk buk.

P4: Jare mblayuku kurang cepet o. Lek mblayuku kurang cepet yo aku *hang* kenek.

P6: Iyo, Adi iku,


P4: Iyo, musuhhe *isun* iku.

P5: (Tertawa)

P4: Diseneni terus *ambi* mas Nopal.

P6: Kurang kesit *ketangno* Adi iku.

P4: Iku o, piala teko adah rokok o, kearifan lokal iku.



P5: Iso jenenge Black Cat, iso jenenge onok pemaine MU o.

P6: *Hang* tak herani iku *biso* ono o. Terus pialane nggaene teko anune rokok.

P4: *Byek* iyo.

P5: Dadi wes. (Tertawa).

P5: Aku Park Ji Sung, Van Persie,

P4: Seng larang iku Ronaldo iku yo. Onok gluduk muasuk o.

P5: Musuh Jerman o, *byek* ate gambar o.

P6: *Sing* ngisruh maine?

P4: Yo angel. Musuhe wayang cilik iku kan?

P5: Iyo, anu,

P6: *Byek* yo angel.

